



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU YO METE DRAPO YO A DEMI MA PANDAN
NASYON AN AP LAMANTE LAVI YON MILYON AMEIRKEN KI TE PÈDI AKÒZ
COVID**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke drapo sou bilding Eta a yo pral flote a demi ma nan vandredi 13 me nan souvni yon milyon lavi Ameriken ki te pèdi akòz COVID.

"Jodi a, peyi nou an franchi yon etap inimajinab - yon milyon lavi ki te pèdi akòz COVID-19", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Etap trajik sa sèvi kòm yon rapèl ke malgre pwogrè nou, nou dwe rete vijilan fas ak pandemi sa. Moun sa yo se te manman, papa, timoun, frè/sè, zanmi ak vwazen epi mwen pa vle pou okenn lòt Nouyòkè viv doulè pèt yon pwòch akòz viris terib sa, se poutèt sa li enpòtan pou nou kontinye itilize zouti ki kenbe nou an sekirite: pran vaksen, fè tès souvan epi pale ak doktè ou sou tretman si ou santi w malad".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418